

Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE YON KANPAY EDIKASYON NAN TOUT ETA A SOU
NOUVO LWA "RED FLAG" LA**

Li òganize premye an nan twa konferans k ap fèt nan Eta a pou edike pwofesè yo, administratè lekòl yo ak reprezantan paran yo sou yon nouvo lwa sou sekirite nan zafè zam afe - sa gen ladan kijan ak ki lè pou mande Odonans Pwoteksyon poutèt Risk Ekstrèm

Gen yon nouvo sit wèb ak yon sant apèl pou enfòmasyon pou ede anseyan yo ak fanmi yo konnen si yon elèv gen chans pou li fè tèt li oswa lòt moun mal

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse yon kanpay edikasyon nan tout eta a sou nouvo lwa New York sou sekirite nan zafè zam afe a ki rele Red Flag la. Gouvènè a te òganize premye a nan twa konferans pou ede pwofesè yo, administratè lekòl yo ak reprezantan paran yo konprann nouvo lwa a epi kijan pou yo sèvi avèk li pou kenbe lekòl yo an sekirite. Lwa a, ki fè pati lwa ki pi solid nan nasyon sou zam afe, tabli yon nouvo pwosedi sivil ki pèmèt yon manm fanmi, yon manm direksyon lekòl oswa yon manm fòs de lòd ki enkyè pou li jwenn yon òdonans tribinal - yo rele li Odonans Pwoteksyon poutèt Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order) - pou retire zam afe nan men moun ki gen anpil chans pou yo fè tèt yo oswa lòt moun mal, epi kenbe zam sa yo lwen yo. Odonans tribinal sa a pi preziman entèdi yon moun pou li achte oswa genyen zam afe, karabin oswa fizi pandan òdonans la an vigè. Nouvo lwa a te antre an vigè nan dat 24 Dawout 2019. Gen lòt konferans yo planifye pou pi ta nan otòn k ap vini an nan Manhattan ak nan Albany.

Gouvènè a te lanse tou yon sant apèl ak yon nouvo sit wèb k ap ofri enfòmasyon ak lyen sou enstriksyon etap pa etap sou kijan pou w mande yon Odonans Pwoteksyon poutèt Risk Ekstrèm. Sant apèl la pral anplwaye moun ki fòme pou reponn kesyon manm fanmi, lapolis ak anseyan. Manm pèsònèl sa yo pral gen a dispozisyon yo anpil resous a enfòmasyon pou kontakte fòs de lòd lokal, manm direksyon lekòl, sistèm jidisyè a, ak òganis sante mantal pou garanti yo voye moun ki rele yo nan sèvis ki apwopriye yo. Ou kapab rele sant apèl la, ki ouvè kounye a, nan 877-NYS-0101 depi nan Lendi rive nan Vandredi ant 8 a.m. ak 9 p.m.

"Mezi bon sans sa a sou sekirite nan zafè zam afe kapab sove lavi epi jodi a objektif la se konprann kijan pou itilize li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou rive nan yon pwèn kòm sosyete kote n ap kreye lekòl avèk previzyon pou yon senaryo tirè aktif, gen yon gwo pwoblèm. Isit la nan New York nou adopte lwa pou pwoteksyon kont zam afe ki pi solid yo nan nasyon an pou kenbe moun an sekirite, epi yo mache. Gras a lwa Red Flag la, n ap bay anseyan yo ak paran yo ki panse gen yon moun ki gen dwa danjre pou tèt li oswa pou lòt moun mwayen pran mezi pou sekirite kominote yo."

Pami moun ki te la yo nan konferans sou lwa Red Flag Gouvènè a nan Farmingdale College nan Long Island te gen reprezantan Lapolis Eta New York (New York State Police), Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) Eta a, Depatman Sante (Department of Health) Eta a ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department) epitou Biwo Administrasyon Tribinal la (Office of Court Administration, OCA), anseyan lokal, fòs de lòd ak defansè sekirite nan zafè zam afe. Panèl espesyalis la te eksplike siy avètisman yon moun ki gen dwa poze danje pou tèt li oswa pou lòt moun ak pwosesis la pou jwenn epi depoze yon demann Odonans Pwoteksyon poutèt Risk Ekstrèm. Yo te ankouraje moun ki te vini yo pou yo kontakte kolaboratè fòs de lòd lokal yo pou gide epi asiste yo nan pwosesis demann lan.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Dr. Howard Zucker, te di, "Kòm defansè sante piblik ak timoun yo nan Eta New York, nou dwe fè tout sa nou kapab pou garanti lekòl nou yo ak kominote nou yo pa gen danje vyolans ame ladan yo. Lwa Red Flag Gouvènè Cuomo te siyen an pi bonè ane sa a pèmèt dirijan lekòl yo fè prevansyon nan siyale konpòtman yo konnen ki se faktè risk ak siy avètisman vyolans epi tribinal yo pou yo aji rapidman pou bare aksè a zam afe epi sove lavi".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Lwa Red Flag Gouvènè Cuomo a pral sove lavi nan retire zam afe nan men moun ki se danje imedya pou yo fè tèt yo oswa lòt moun mal. Se yon apwòch a sekirite piblik ki gen bon sans epi ki pral ede pwoteje timoun nou yo ak kominote nou yo".

Komisè Lapolis Eta New York la, Keith M. Corlett te deklare, "Lwa Red Flag la bay fòs de lòd yo, manm fanmi yo ak administratè lekòl yo kapasite entèveni epi anpeche vyolans anvan li rive. Lapolis Eta a ankouraje piblik la pou li kontinye veye aktivite sispèk nan lekòl yo oswa nan kominote yo. Lè nou rapòte enfòmasyon sou sa, nou tout kapab ede anpeche trajedi yo rive".

Pwokirè Distri Konte Nassau, Madeline Singas, te deklare, "Lwa solid New York genyen yo sou zam afe kontribye nan to krim vyolan ba Long Island toujou genyen yo, epi Odonans Pwoteksyon poutèt Risk Ekstrèm yo se yon nouvo zouti enpòtan pou fè kominote nou yo vin pi an sekirite toujou gras a yon pwosedi pou retire zam afe nan men moun ki gen chans pou yo fè tèt yo oswa lòt moun mal. Mwen fè elòj Gouvènè Cuomo ak kò lejislatif la pou lidèchip yo, epi mwen remèsye plizyè milye defansè devwe yo ki travay san pran souf pou fè adopte lwa vital sa a".

Pwokirè Distrik Konte Suffolk la Tim Sini te deklare, "Sa ba nou yon lòt zouti nan bwat zouti an pou pwoteje polilasyon pi frajil nou yo epi anpeche vyolans. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou dilijans li nan travay pou lwa sa a pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Komisyonè Lapolis Konte Suffolk, Geraldine Hart, te deklare, "Depatman Lapolis Konte Suffolk la kontinye ap travay avèk Asosyasyon Sirentandan Konte Suffolk la (Suffolk County Superintendents Association) ak tout kolaboratè nou yo nan lapolis pou garanti sekirite timoun yo nan lekòl nou yo. Nou pral kontinye travay avèk dilijans avèk anseyan yo ak pati enterese yo nan rejyon nou an pou amelyore mezi sekirite yo nan lekòl yo plis toujou, epi nou pran angajman travay avèk Gouvènè Cuomo pou ofri

resous ki nesèsè yo pou ede anpeche trajedi san sans epi kenbe rezidan yo nan Konte Suffolk an sekirite".

Òdonans Pwoteksyon poutèt Risk Ekstrèm

Se Tribinal Siprèm nan konte kote sijè a rete a sèlman ki kapab emèt yon Òdonans Pwoteksyon poutèt Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, oswa ERPO), lè youn nan moun sila yo depoze yon demann sou sèman:

- Ajan lapolis
- Pwokirè Distrik
- Manm fanmi oswa moun ki rete nan kay la
- Chèf Etablisman oswa yon lòt manm direksyon lekòl ki kalifye Chèf Etablisman an deziyen

Siy Avètisman

Kèk nan karakteristik ki annapre yo gen dwa endike gen danje akoutèm pou yon moun gen konpòtman vyolan kont tèt li oswa kont lòt moun:

- Ap fè menas vyolans
- Ap pran mezi pou egzekite menas vyolan
- Gen abitud komèt vyolans
- Pote zam nan lekòl la
- Ap fè plis kòlè epi aji plis san reflechi depi dènyèman

Aji

Si anseyan yo oswa paran yo pè pou yon timoun pa poze yon danje imedya pou tèt li oswa pou lòt moun, yo dwe:

- Fè fòs de lòd yo entèvni. Menm si tèks lejislatif la pèmèt manm direksyon yo nan lekòl la made tribinal la yon ERPO dirèkteman, lekòl yo dwe kontakte fòs de lòd lokal yo avèk enfòmasyon ki gen pou wè ak sa yo.
- Pran mezi touswit pou pwoteje tèt ou oswa lòt moun. Nan ka menas vyolans, rele 911.
- Alète otorite yo pou mete yo okouran tout sib vyolans yo vize.
- Konsilte avèk otorite yo nan lekòl la oswa rele fòs de lòd yo pou konnen si yon ERPO apwopriye.

Demann lan

- Demann ERPO a ak tout dokiman dapui yo disponib sou sit wèb Biwo Administrasyon Tribinal la (OCA): <http://ww2.nycourts.gov/erpo>.
- Aplikasyon an dwe gen ladan fè ki apiye demann ERPO a. Nòm jiridik tribinal la pral aplike a se kont rezon pou sispèk.
- Pami fè posib pou make sou demann lan gen:
 - Menas oswa zak vyolans
 - Vyolasyon oswa vyolasyon sipoze yon òdonans pwoteksyon
 - Akizasyon oswa kondanasyon pou yon enfraksyon ki gen ladan itilizasyon zam
 - Itilizasyon oswa montre zam san pridans

- Abitid vyole ERPO
- Toksikomani dènyèman oswa kounye a (sa gen mwens pase 6 mwa)
- Acha dènyèman yon zam afe, minisyon oswa zam afe mòtèl (sa gen mwens pase 6 mwa).

Lè yo emèt yon ERPO

- Yo gen dwa emèt yon ERPO pwovizwa touswit apre yo depoze yon demann, si tribinal la decide gen kont rezon pou sispèk moun nan siman pral gen konpòtman ki ta kapab lakòz malè grav pou kèlkeswa moun nan.
- Si tribinal la emèt yon ERPO pwovizwa, li dwe òganize yon odyans disi 3-6 jou louvrab pou decide si pou l emèt yon ERPO final.
- ERPO final yo an vigè pandan jiska 1 lane, apre sa yo kapab renouvle yo
- Depi yo emèt yon ERPO (pwovizwa oswa final), tribinal la dwe sispann tout pèmi zam afe yo te emèt pou sijè ERPO a.
- Tribinal ki emèt li a gen dwa bay lapolis lòd pou li chèche zam afe sijè a genyen, sa gen ladan sa ki andedan yon kay.

Kowòdonasyon ak Prekosyon

- Tribinal ki emèt ERPO a dwe mete Lapolis Eta New la, Divizyon Sèvis Jistis Penal la (Division of Criminal Justice Services, DCJS), fòs de lòd lokal yo, ak ajan atribisyon pèmi zam afe lokal yo okouran epi ba yo kopi.
- DCJS oblije rapòte touswit yo emèt yon ERPO bay FBI pou yo antre li nan Sistèm Nasyonal Verifikasyon Enstantane Antesedan Kriminèl la (National Instant Criminal Background Check System, NICS). Sa ap anpeche moun ki an kòz la achte zam afe pandan òdonans la an vigè.

Lwa sou sekirite nan zafè zam afe ki pi solid yo nan nasyon an

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te adopte lwa sou kontwòl zam afe ki pi solid nan nasyon an, ki gen ladan Lwa SAFE la an 2013, ki ap anpeche zam afe tonbe nan men kriminèl yo te kondane ak nan men moun ki gen maladi mantal, ke yo kwè se yon danje pou pwòp tèt yo oswa lòt moun, sa ki ap garanti ke lavant zam afe prive yo sijè a yon verifikasyon antesedan, entèdi magazin zam ki gen anpil kapasite yo ak fizi daso yo, epi ranfòse sanksyon kriminèl pou itilizasyon zam afe ilegal yo.

Depi adopsyon Lwa SAFE la, ofisyèl yo nan Eta a resevwa 142,774 rapò nan men pwofesyonèl sante mantal nan lentansyon anpeche zam tonbe nan men moun ki gen maladi mantal gen yon pwofesyonèl sante mantal ki jije li gen anpil chans pou li "gen konduit ki pral lakòz malè grav pou tèt pa li oswa pou lòt moun". Yo itilize rapò sa yo - ki reprezante prèske 100,000 moun ki petèt gen dispozisyon mantal danjre - pou avèti fonksyonè atribisyon pèmi lokal apwopriye yo ki sispann oswa revoke lisans zam yo epi fè ofisye fòs de lòd lokal yo pran zam yo pa remèt yo.

Eta New York te adopte Lwa SAFE la sa fè sis ane deja epi li bay rezilta. Yo pa te vyole okenn dwa pwopriyete zam legal yo, men yo retire zam danjre ki pa nesèsè yo nan lari yo epi moun ki danjre yo gen entèdiksyon achte zam afe.

Ane sa, Gouvènè a te kontinye ajoute sou lwa sou zam afe yo nan New York k ap trase chemen an pou nasyon an gras a lejislasyon global pou: pwolonje peryòd atant pou verifikasyon antesedan yo; entèdi kwòs ki akselere tire; entèdi zam endetektab; elaji lwa sou estokaj sekirite pou zam afe yo; anpeche distrik lekòl yo ame pwofesè yo; epi tabli règleman onivo tout eta a pou pwogram pou reyachte zam afe yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)